ҚАРАҚАЛПАҚ ПРОЗАСЫНЫҢ ҚАРЛЫҒАШЛАРЫ

Әмет Шамуратов

# ЕСКИ МЕКТЕПТЕ



# МЕНИҢ ЖОЛБАРЫСЛАР МЕНЕН ЖОЛЫҒЫСЫЎЛАРЫМ



УОК 821.512.121-3(081)
КБК 5 Қар
Ш-33

**Шамуратов Әмет.**
**Ески мектепте. Мениң жолбарыслар менен жолығысыўларым.** [Текст] Гүрриңлер. — Нөкис: Билим, 2020. — 68 бет.

Жазыўшы Әмет Шамуратов қарақалпақ әдебиятында балалар прозасының тырнағын қалаўшылардың бири. Дәўир сиясатына бойсынып жазылған «Ески мектепте» повести ўақтында тек балалар емес, үлкенлер тәрепинен де сүйип оқылды. Шығармада дин әшкараланбайды, оны дурыслы үйрете алмаған молланың қылықлары сынға алынады.

Ал, «Мениң жолбарыслар менен жолығысыўларым» шығармасы болса, жазыўшының ең талантлы дөретпеси болып, ол қарақалпақ, өзбек, рус тиллеринде бир неше мәрте жарық көрди.

**ISBN 978-9943-4465-2-6**

**© Әмет Шамуратов, 2020.**
**© «Билим» баспасы, 2020.**

## ЕСКИ МЕКТЕПТЕ

— Ҳә, жүўермек қатқыр-аў, турсаң болмай ма, моллаңа кешиктиң ғой! — деген анамның сеси татлы уйқымды бөлди. Ол бундай сөзди тек ашыўы келгенде ғана айтатуғын еди. Анамның ғарғысынан бетер «молла» деген сөзин еситкеннен-ақ, қуйкам жуўлап, уйқым шайдай ашылды. Қорқыныш денемди қаплап турды. Буннан 7 — 8 күн бурын паллаққа асылғандағы тут шыбықтан тилинген еки аяғым сол қәлпинде маталып жатқандай болып сезилди. Ҳақыйқатында да, аяғымның тиликлери пите қойған жоқ еди. Ақсап зорға жүретуғын едим.

Тыр-тыр қасынып тура басладым. Үй иши қараңғы. Суўық ошаққа қалаған томар лаўлап жанса да, ҳеш жыллылық бермей ҳәм жақтысын шығармай тур. Соның менен қатар, шаңарақтан да жарытыўлы жақты түспейди.

Гөнерген үзиктиң желпилдиси, уўықлардағы қоңыраў сыяқлы салбыраған қурымлардың сессиз қыймылдысы, үйди айналдыра тутылған қамыс қораның ызылдысы, узыннан-узақ қайғылы бир наманы шертип турғандай еди.

Анам көйлегимди отқа шайлады да, кийиндире баслады. Түргелдим. Шала-шарпы жуўынып, бешпентимди, гүпимди кийип, белбеўимди буўындым. Қурашымды кийдим де, апамнан моллаға жумалық сорадым.

Апам салқын түси менен:

— Ағаңда да пул жоқ еди. Егер ертең базарға мына қозақтағы бөзди тоқып болсам, сатып нобайырақ етип берермиз. Моллаға сөйдеп айта ғой, — деди. Мен молланың жумалықсыз барған балаларды уратуғынын есиме

түсирип, мени де бул сапары келистирип урады-аў деп ойладым. Бурынғы қорқыныштың үстине қорқыныш жамалды.

Апам дастурханнан жарты зағараны алып, қойныма тықты, керегеге қыстырыўлы әлиппе жазылған тахтайымды алып берди.

Майданға шықтым. Түнерген аспан қабағын үйип, жерге суўықлық қәҳәрин тигип тур екен.

Мешиттиң сыртқы қапысына киргеннен-ақ бақырысып оқып атырған балалардың ғаўырлысы еситилди.

Сабақтың онша яд емеслиги, әсиресе, жумалықсыз киятқаным кеўлимде қорқынышты көбейтти. Жүрегим тез-тез урып, ҳәўлире баслады. Сабағымды бир тәкирар етейин деп, тахтайыма қарамай оқып керсем «жүм, ҳа»дан басқа ҳәрип есиме түспеди. Бираздан соң ол «хи» деген ҳәрип екен, ядыма зорға түсти. Бир-еки мәртебе тәкирар еттим. Сөйтсе де, қара қайғы басыўда. Илаж жоқ... сөзсиз таяқ жейтуғыным анық деп ойладым. Бирақ, паллаққа аса қоймас деп ойлайман. Ақсаңлап жүргенимди молланың өзи де биледи ғой. Гүпимниң сыртынан томпылдатып бир-еки мәртебе урар да қояр деген қурғақ қыял пайда болды.

Дәлизге кирип, етигимди шештим де, әсте-ақырын оқыўхананың есигин аштым. Майданнан киргенлигим ғой, дәслеп көзим ҳеш нәрсени көрмеди. Төбедеги жалғыз кишкентай ғана пәтиктен басқа жерден жақтылық түспейтуғын болғаннан соң, өжирениң иши күтә қараңғы, бираздан соң темир печьтиң артында еки бети боп-боз, суп-сур болып собырайған узын сары шөгирмесиниң әреби қылшықлары маңлайының жыйрықларын жаўып, шып-шып терге түсип молла отыр екен. Көзди жумып, басын жоқары көтерип, қалғығандай болып отыр, қолындағы тәсписине бир-бирлеп моншақ өткерип, ара-тура аўзын жыбырлатып қояды.

Балалар еле толық  келе қоймаған екен, топырақта шөжедей шөгип, дизе бүгип, жер бауырлап кими телпеклериниң қараңғысынан бетлерин де көрсетпей, кими тақыяшаң бешпентлериниң шалғайларын төсеп, жупжуқа қыйраның үстинде бүрисип отыр. Жайдың ызғарлығы сонша, ғүзектеги сыбалған сыбаўлар да қыстың еки айы өтпей, түсип қалды. Өжирениң төбеси қап-қара қурым. Пәтик ағашлары оттан шыққан шаладай қап-қара, дийўаллары да ыс. Мүйешлер де тор-тор өрмекшиниң уялары.

Мине, бул биздеги күндеги коринис, яғный, бизиң мектепхана.

Бүгин балалардың сабақ оқыў ғаўырлысы бөлентирек. Балалар ўақты-ўақты басларын көтерип, бой жазып та алалмай отыр, тек сабақларын оқыған болып ғаўырласады. Ал, сабақларын билмейтуғынлар бақырысқа даўыс қосып, тек ыңылдап отыр. Гей биреўлери көзинде батпан ириң, мурынларын қорық-қорық еткизип тартып, даўысын бөлип-бөлип шығарып ыңылдайды. Есикке жақын жердеги отырған Генжебай солығын баса алмай солқылдап, ишинен қыңсылап қояды.

Есикти әсте-ақырын қаўсырдым да күндеги тәртип бойынша еденде турып, қол қаўсырып моллаға қарап:

— Ассалаўма әлейкум, — деп даўыслап сәлем бердим, буйығып отырған молла селк ете түсти. Қабағын үйип, орамалы менен бетиниң терин сыпырып жиберди дағы маған қарай жекиринди:

— Ҳә, бәдбақ. Сенбедиң. Неғып турсаң, ҳәй ешек, доңыз... Алып келген жумалығың да жоқ. Қәне, кел бермаған, — деп алдына шақырды. Тахтайымды алдыма қойып молланың алдына саққа жүгинип отырдым, қуўарған түси менен қулағымнан услады да, шаппат пенен сол жақ шекеме салып жибергенде, көз алдымда от жарқ ете қалып, шекеме шоқ басқандай болды. Ерксиз көзлеримнен моншақ-моншақ жас төгилди.

—Оқы сабағыңды, билермекенсең? —деп басымнан шуқып жибергенде, маңлайым тахтайға барып сарт ете қалды.

Соншалық басымның ғуўлап аўырғанына қарамастан, көздеги жастың сорғалаўы менен тахтайымнан сабағымды излей басладым. Албыраганым сонша, есиме сабағымның бир де биреўи түспей, қасымдағы бирге ыңылдасып отырған Нуранның «сат, зат, тай, дал»—деген сабағын мыңғырлай бериппен. Оң жақ шекеме тағы бир шаппат шарп ете калды.

—Тур, жоғал! Ҳә, мийлан, гешше! —деп урысты да, тыныңқырап қалған балаларға —оқыңлар, бәдбақлар! —деп молла урыўға қолайласты. Тут шыбық бирбирден шырпылдап тийген соң балалар ғаўырласып оқый баслады.

* * *

Көп ўаққа шекем балалардың ғаўырлысына берилип, ҳәр ўақта ғана балаларды көзинен бир шолып қойып, бир нәрселерди оқып атыр. Бара-бара хырәәтка салып, даўысын шығарыңқырап қояды. Бир мәҳәлде молла өзинен-өзи жин урған кисидей бурынғысынан да бетер даўысын қаттырақ шығарып, бир нәрселерди былдырлап оқыды да, қолындағы тәсписин таслап, жумған көзин ашпастан басын көтерип, әўмийин деди.

Тәртип бойынша балалар геўдесин көтерип Шәрипбай қәлпеден Есимге шекем отырған он бир-он еки бала қолларын жайды. Қәлпе де мурнын таңырайтып, көзин молла қусап тарса жумып, бир нәрселерди айта ернин жыбырлатып, басын жоқары көтерди. Қол көтерген балалар көзлерин ашып отырса да, ҳеш нәрсени сезбей, көрмей де отыр.

Бизлер ҳәрдайым Есимге бир, моллаға бир қарап, Есимниң изин ала сабақ оқып, билмеген кисидей отыра

бердик. Қол көтермедик. Әўмийин десип, қоллар ийекке тақалды.

Бирақ, бул пәтияның не ҳаққында, кимге бағышланғаны бизлерге белгисиз жумбақ болды. Оның менен қатар, бурыннан-соңғы пәтиялар биреўдиң берген садақасына, балалардың көптен-көптен әкелген жумалықларына ямаса балалар арасында таза сүреге түскенде әкелетуғын пайғазысына байланыслы еди. Яғный, усы тақлетте әкелинген нәрселерди алып, қуран оқыйтуғын еди. Соған қосыла бизлер де «Әўмийин» деп қол көтериўге тийисли едик. Бундай нәрселер тез-тез биреўи болмаса, биреўи болып тура беретуғын еди. Ал, бул пәтия булардан өзгеше.

«Әўмийин, аўлакбер» айтылып молла көзин ашып, тум-тусқа коз жиберди. Қәлпе дәрриў моллаға жалт қарап:

—Тақсыр, Есимнен баслап аржағы қол көтермеди, —деди.

—Бәдбақлар, сонындай пәтиялардан ҳәм қалыўға болар ма. Әўлийе-әнбияларымыздың, патшайымның әрўағына оқылған пәтия,—деди тут шыбықты көтерип. Есимнен баслап ура баслады ҳәм жекиринип урысты.

—Алыңлар паллақты, дегеннен, Шәрипбай менен Абылла орынларынан ушып турып, диййўалда илиўли турған еки паллақты алды.

Шыбықларының сыныўына қарамастан, бири сынса, таяр турған екинши шыбықты алып, табанларға шырпылдатып урып атыр. Урыўшылар Шәрипбай қәлпе, Абылла, еки паллақта еки баладан төрт бала, паллақтың еки жағынан қысып услап тур. Әсиресе, Есимниң аяғына көбирек ҳәм пәтлирек урылды. Молла есикке қарап:

—Ҳә, ешек, доңыз. Бәлениң бәрин усы баслайды, —деп зақылдап отырды. Көзден аққан ыссы жаслар, табанды тилип ашыў азары жанға батып, адам баласының

жаны ашығандай шуўлаған, қыңсылап жылаўлар сол пәтияға қосылмаған он биримизден де көп ўаққа шекем даўам етти. Бизлерди сәскеликке де жибермеди. Ҳақыйқатында, бул отырыста сәскеликке шығып, үйге барып аўқат жеп қайтқандай ҳеш дәрман жоқ еди. Ҳәттеки, майданлап келиў де күш болды.

* * *

Балалар сәскеликтен келип, сабақларын оқып атыр еди, бир мәҳәлде сыртқы есик ашылып, бир адам кирип келе берди. Ол ғарры екен, ақлық баласы Сейтжанды моллаға берейин деп жетеклеп киятырса керек, ишке кирип, жамаў-жамаў геўишин шешти де, моллаға қарап ийилип сәлем берди. Молла Айтым ғаррының бала жетелеп киятырғанын көргеннен-ақ жыйынып, өйер-бүйерин дүзестирип, Айтым ғаррыға қарап, сәлемин алды.

Сейтжан атасына тығылып, еки көзи мөлдиреп, гә моллаға, гә балаларға қарайды. Ғарры баласына қарап:

— Қарағым, бар, молланың қолынан ал, — деди. Сейтжан уялған ҳәм қорққан түринде атасын оннан бетер қушақлап қолтығындағы дастурханы менен есикке қарады. Молла күлимсиреп ыржаңлап: келе ғой, балам, — деди. Сейтжан оннан бетер атасына тығылып, кейнине қарай берди. Айтым ғарры тағы да: — бар, қарағым, бар, уялмай-ақ қой, бәри де өзиңниң жораларың ғой. Ана Генжебайды көрдиң бе? — деп корсетти.

Ақыры, болмады. Ғарры дастурханды баласының қолынан өзи алды да, қолынан жетеклеп, моллаға қарай жүрди. Дастурханды молланың алдына қойды да, молланың қолынан алып, сақка жүгинип, пәтия етип отырды. Молла қуран оқыды. Бул сапары бәримиз де қол көтерип, пәтия еттик.

— Тақсыр! — деди Айтым ғарры жөтеле берип, — бул мениң ақлық улым Сейтжан, «ети сизики, сүйеги би-

зики»—деп компаңлап, Сейтжанға бир қарап қойды. —Баланың жасы жеткен соң моллаға бермек мойнымыздағы қарыз, жарлы-жақыбай адам болған соң, усы уаққа шекем әкеле алмадық, кеширерсиз, тақсыр. Молла: —күтә бәрекелле, қуда қәлесе «адам» болып шығады. Сейтжанға қарап: бәрекелле, деп суўманлап, арасында диний түсиниксиз сөзлерди де келтирип, күлимсиреп қояды.

Оның бул күлимсиреўиниң шексиз өтирик екенин көзиниң шамадан тысқары миләйимсип, мөлдиреўи, ийегиниң қалт-қалт етип, келиссе-келиспесе де, әсиресе, түсиниксиз сөзлерин сапырыстырып сөйлей бериўи анық көрсетип турды.

Артындағы текшеден бир тахтайды Сейтжанға әперип:

—Кел, мына сабақты үйретейин,—деди. Сейтжан атасының сонша айтыўының арқасында зорға дегенде молланың алдына барып, бир дизерлеп отырды.

Молла:—саққа жүгинип, дизерлеп отырасаң,—деп, еки аяғын астына салғызып, Сейтжанның нәзерин тахтаға қаратып,—әлип, бе, те, се—деп еки мәртебе жүритип оқыды да –анаў Генжебайдың қасына барып отыра ғой,—деп тахтаны алып берди.

Айтым ғарры қозғала берип,—жақсы, тақсыр, мен қайтайын,—деп орнынан тура берди де, — ал Сейтжан, ғайрат салып оқый бер,—деп баласына қарады. Сейтжанның көзине жас келип, атасының соңынан жуўырайын деп еди, тағы басылып, төмен қарады. Көзинен мөлт-мөлт жас ағып, отырды.

—Хош болың, тақсыр,—деп ғарры шығып кетти. Молла суўмаң-суўмаң етип ғарры менен хошласып балаларға қарап қойды да, бурынғы қәлпинше шай ишиўин даўам ете берди. Сейтжан сол муңайып отырыўы менен жән-жаққа бир неше рет қарап алды. Бул қап-қараңғы ыз-

ғар жайға келип өмиринше көрмеген, билмеген, ойламаған жерлерди көрип, ҳайранлық дәрьясына батып отырды. Қалай да өзин қәпеске түскен палапандай сезди. Ол көп ўаққа шекем ҳәр балаға бир қарап отырды да қойды.

Түс ўақты болды. Күндеги әдетинше молла балаларға: — барың, жуўап, — деди. Молланың бул сөзин еситкенде, жүрегимиз алып ушып, қуўанып, тез-тез, бирим-бирим моллаға қуллық айта салып, асығып-албырап дәлизге шықтық. Онда апыр-тапыр быған-жыған етиклерди кийип, гүўенлеўли ылақлар жаздырылып, анасына қарай маңырағандай-ақ, мешиттен шығыўымызға үйли-үйимизге қарай жуўырыстық.

Бизлер күнде усы тақлетте тарқасатуғын едик.

## II

Сәўирдиң самалы есип, жаптың музлары ерип, тереклер бөртсе де, суўық қыстың ҳазары толық кетип, бәҳәр пасլы болып кете қойған жоқ. Журт қыс кийимин ташламаған, қысқы өжиреден шықпаған, қара үйдиң қысқы жабыўлары алынбаған. Жер батпақ. Көшедеги ылайдан адам жүргисиз. Қора-қопсыға асылып, өлдим-талдым дегенде мешитке зорға жетемиз.

Бир жыңғылды сүйреп, зорға дегенде мешиттиң сыртқы қапысынан киргизип, әйўандағы отын қоятуғын мүйешке қойдым. Маңлайдан терди сыпырып турсам, үйинен молла шығып келе берди. Мениң отын әкелип турғанымды көрип:

— Ҳә, бәдбақ доңыз, бир ҳәптеден бермаған алып келгениң усы ма, ҳеш болмаса, тәўир етип томар да алып келмейсең, — деп жекирди де оқыўханаға кирип кетти. Мен де кирип, орныма отырып, сабағымды оқый бердим.

Молла балаларды көзден еткерип, нәзерин Абыллаға тоқтатып: — Абылла, кел, сабағыңды тыңлат, — деди. Абылла көзи мөлерип, еки бети қызарып, зорға дегенде моллаға қарай қәдем басты. Абылланың бул көринисине

«сен сабағыңды билмейсең ғой» деген баханы балалар ишинен берип-ақ отыр.

—Еле ежелеп те оқый алмайсаң ғой. Үш күннен берги сабағыңды еле билмейсең, тур, орныңа барып отыр.

Молланың бир жери жақсы, сабақ оқы деп қыстастырса да, сабақ ал деп қыстастырмайды. Сабақты қашан көзди жумып, яд айтып бергендей болғанша, ҳеш үндемейди. Бир сабақтың изинде бир ай жүрсең де елеспеси жоқ. Ал, гейпаралары сабақларын билсе де, билмеген болып отыра беретуғын еди. Ал, гейпаралары сабақты билейин деп қанша зейин салса да, ҳеш билмейди. Тек жер бауырлап парқына түсинбей, ҳәр нәрсени бир ойлап, қуры босқа ыңылдап отыра береди.

Мен де мектепке келместен бурын оқыўға күтә қызығып жүретуғын едим. Усы күни оқып жүргенимде дүзде балалардан еситип, биразын билетуғын едим. «Мектепке барсам, бәрин билемен ғой, зейин салып оқыйман ғой»—деп ойлайтуғын едим. Бирақ, олай болып шықпады. Мешитке келгеннен соң көп узамай-ақ зериктим, молланы бәледей жеккөретуғын болдым. Оқып жатып түрли бәлелерди ядыма түсиремен. Ақырында, ҳәзир молла шығып кеткей дағы, оннан қала берсе, тезирек кеш болғай дағы, деў менен отыратуғын болдым.

Тап ҳәзир де сол ойлар бирим-бирим ядымда еди. Бираз ўақыт усы отырыста оқып отырдық. Молла да сабақ тыңлаў ушын Абылладан басқаны шақырмады. Бул бизге ҳайран қаларлық ҳеш нәрсе туўдырмады. Неге десеңиз, молланың ойына не түссе соны ислеўи, бир нәрсени баслаўында баслап, кейинине шекем даўам етпей қоя беретуғын әдети еди. Гейде шай ишиў, тамақ жеў ушын үйине кетип те қалады. Я болмаса шай, тирийек қонып, ўақты хош болып отырса, барың, балалар, жуўап, —деп те салатуғын еди. Бул әдетлерин бизлер күтә жақсы көретуғын едик. Бизлер молланың бундай кейпин мудам тилеп отырамыз.

Бир мәҳәлде сырттан есик ашылып, бетин бастырған, қолында емизиўли баласы бар ҳаял кирип, моллаға ийилип сәлем берди. Бул аўыл сақсышы Ернияз ағайдың ҳаялы Гүлпарша жеңгей екен. Молла келатқан балалы ҳаялды көрип, жалбырақлай баслады. Қасына шақырып отырғызды. —Жақынырақ отыра бериң, уялмаң, — деп те қояды. Бираздан соң Гүлпарша жаңгейге қарап:

— Ҳә, Ернияздағы келинбедиңиз, амансыз ба? — деп жымыйды. — Қәне, не арзың бар? — деп сөзин даўам етти. Гүлпарша жеңгей баласының бетин аша берип, — баламның иши өтеди, аралас қан да өтеди, — деди, көзин баласынан айырмастан. Молла балаға нәзерин салып, баланың қатыў қабақларына, солған жүзлерине, тез-тезден дем алысына қарап:

— Ештағымайды. Ийшалла, жазылып кетеди, — деп және бир нәрселерди мыңғырлады. Ол сөзин даўам ете берип: —Балаға ийт тийипти ҳәм ушынып аўырған, — деди де қолына тәсписин алып, бир нәрселерди оқып, — «суф».... деп дем салды. Оқып-оқып қайта-қайта дем салып атыр. Молланың түпириги балаға ҳәм анасының бетине шашырап тур. Баланың анасы да «уламаның түпиригиниң садағасы кетейин» дегендей әйтеўир нәрселерден ләззет алып отырғандай балқып отыр. Молла дем салып болып, текшеден дәўет қәлемин алып; еки бармақтай қағазға еки-үш түртти де, үш мүйеш етип бүклеп, — мына дууаны балаңның топпысына тақ. Сөйтип, жети үйдиң ийтаяғына шомылдыр, жети үйдиң адамларынан түпирик жыйнап, балаңның бedенине жақ. Жети үйден бир шымтымнан ун жыйнап, сууға былғап, басына, арқасына, қарнына, алақанына жағып, ийтке жалат. Ийшалла, тәўир болып кетер, деп жайласып отыра баслады.

Гүлпарша жеңгей қалтасынан бир тартым орамалдың ушына түйилген теңгеси менен моллаға усынды, молла

алып, алдына қойып «әўмийин» деп пәтия етти. Бизлер де бойымызды тиклеп, қол көтерип, жүзимизди тоңған қолымыз бенен сыйпадық.

Гүлпарша жеңгей шығып кетти. Молла ол-пулын жыйыстыра баслады. Теңгели орамалды қалтасына салып, бизлерге қарап: —турыңлар, дәўир айтасызлар,— деди.

Күндеги тәртип бойынша олай-пулайды жыйыстырып, орнымыздан турдық. Қол қаўсырып, қуллық етип, молланың аўзынан шыққан хәр бир сөзди қақшып алып, даўысымыздың барынша, аяғымызға от басқандай, бақырып турмыз.

Дәўир айтылып болған соң жуўап болды.

## III

Молла азанғы шайдың изин бизлер сәскеликтен шығып келгенде ғана ишип болып, тирийеги қонды ма, әйтеўир, дастығының үстинде шығанақлап, мүлгип отыр. Хәр ўақытта «әўип» деп кекирип те қояды, балалар ғаўырласып, оқып отыр. Хәтте, алақанның орнындай ғана жерге түсип турған күнниң жақтысы да жоғалды. Күнниң шуўағын намаз оқылатуғын жайдың әйўаны тасалады. Мектепхананың иши бурынғысынан бетер қараўытып, әтирапты қараңғылық басқандай болды.

Бир мәхәлде сыртқы есик ашылып, Ернияз ағай кирип келди. Оның қабағы исик, көзи жылаў менен қызарған, денесин қапалық жайлаған. Ол қол қаўсырып, жыламсыраған даўысы менен көзинен аққан жасына қарамастан: —бизиң бала қазаланып еди, соған намаз оқыўыңызды сорайман,—деп зорға айтты да, кейнинен бурыла берип шығып кетти. Молла отырысын бузбай, бир керилип, еснеп қойды да, отыра берди. Бизлер Ернияз ағайдың қапаланған түрин көз алдымызға елеслетип, оның қайғысын өз ара бөлискендей болдық.

Усының менен оның үш баласы өлгени, өткен жылы меннен киширек 6—7 жасар баласы да өлди. Онда да молланы талай мәртебе шақырып, дем салдырып, дуўалар алып еди. Ол баласының өлимине маңлайындағы жалғыз сыйырын сатып зорға дегенде жаназасын оқытып, қуран шығартып еди. Мине, енди ол күйиктин үстине бул күйик ҳәм жоқшылық—бул аўҳалға түскен өлимшилик оны әбден қапаландырып, жүзин төмен қаратқаны. Бизлер буны сездик те, қапалығымыз бенен отыра бердик.

Ернияз аға аўылдағы сақшы, күтә гедей адам.

Жақында ғана молланың дем салып, «ийшалла, тәўир болады, ҳеш нәрсе емес» дегенин ядқа түсиргендей болдық. Бирақ, баланың тәўир болмаўы былай турсын, оның өлип калыўы, молла сөзлериниң ыраслығы қайда? —деген ойға да келтирди. Буның үстине «жаназаға» деп кеткенине бираз ўақ болса да, елеге шекем қәтерсиз отырыўы бизлерди шубҳаландырды. Бул аўҳал Ернияз ағайдың жоқшылық турмысында-аў!—деп ойлайман, —деди Есим. Оның көзи жарқырап, нур шашып турды. —Болмаса, жақында, өзлерине белгили, Ешшан байдың қызы өлипти дегенде, буның қабырғасы қайысып қыйналып, дәрҳал кетиў менен болып еди. Мине, көрмейсизлер ме отырғанын,—деди сөзин даўам етип.

Усы отырыста молла көп ўақ мүлгип отырды. Бир мәҳәлде жаназаға шақырып кеткенлиги есине түсти де, әйтеўир, шоршып оянды да, ширенген түри менен еснеп, орнынан түргелди, илажсыздан барыўға мәжбүр болды.

Бизлер молланың тезирек кеткенин тилеп, өтирикке көз абай етип, қатты бақырысып оқыдық. Молла қуманын алып дәретханаға кетти. Молланың кетиўин асығып күтип отырған қәлпе де қолына шыбықты алып, «оқыңлар» деп өтириктен бақырып қояды. Бизлер оннан бетер бақырысты күшейттик. Гейпаралары арасында бақырысып қосық та айтып отыр.

Молла бираздан соң дәрет алып, кайтып келди. Басын ораған белбеўи менен бетин сыпырып, ол-пулын жыйыстыра баслады. Белин бууып, басына телпегин кийип, қолына ҳасасын алып, кетиўге айналды, геўишин кийип атырып кәлпеге қарады да:

— Сен балаларды тежеп оқыт. Егер мен кешиксем, тап күн шаңқай түс болғанша оқыт та, жуўап бер, — деп шығып кетти.

Қәлпе қолына шыбықты алып: оқыңлар, — деп молланың орнына барып отырды. Бизлер онша кәлпеден қорқпасақ та молла кете қойған жоқ шығар, — деп ғаўырлымызды пәсейтпедик. Қәлпе қолындағы шыбығы менен әстәқырын есикке жуўырып барып, молланың кеткен-кетпегенин сығалады. Молла бизлердиң өзи жоқта не қылатуғынымызды сезетуғын еди. Ўақтын-ўақтын усындай кетип қалған болып, сыртқы есик артында тыңлап турғанын талай көргенбиз.

Бир күни садақаға барыўға кетип есик артында аңлып турған да қойған. Онда бизлер ойынның изинен ҳәр нәрсени айтысып, Есим, молла ҳаққындағы балалардың шығарған:

Молла-молла монтықты,
Тасбақадан қорқыпты,
Аўзы-басы қыйсайып,
Өтирик айтып шоршыпты.
Молла қурсын оңбаған,
Ҳасла көзи тоймаған,
Пул толса да қалтаға,
Садақа деп зарлаған, —

деген қосығын айтты ҳәм тағы молла, елти ҳаққындағы көп қызық бәйитлерди айтысып, бизлер ишек-силемиз қатып отыр едик, бир ўақытта молла есикти бирден ашып жиберип, қәҳәрленип келди де, сулайтып ура баслады. Әсиресе, Есимди аўдарып урған еди.

Мине, усындай тағы молла аңлып тур ма, жоқ па,— деп қәлпениң аңлып турғаны еди. Ол әсте-ақырын есикти ашып көрди.

Ақыры, молланың анық кеткенин билип, мардамсып, кеўили көтериңки турды. Бизлер оның бет әпшеринен-ақ молланың кеткенлигин сездик. Тикленип, демимизди еркин алдық. Сөйткенинше болмай-ақ:

—Дәслеп маңлай шертпек,—деп бақырды қәлпе. Соннан соң бизлер бес-алты бала бир төбе болып, ойынды басладық. Маңлайға шертилип атыр. Гейпаралары маңлайға шертиўдиң орнына, маңлайга нуқып та жибереди.

Бираздан соң қәлпе:—енди қошқаршақ. Хәр ким өз қошқарын тапсын,—деп бақырып, қәлпениң өзи дәслеп Генжебайға асылды. Қәне, ким бизиң «қошқар» менен «қошқар» урыстырады,—деп ортаға шықты. Буған Абдулла Нуранды шығарды. «Қошқарлар» дүгисип атыр. Үш-төрт мәртебеге шекем екеўи де шыдасты. Алды менен Генжебай қайтты. Басын услап жылады. Нуранның да мийи айланып, жылаўға аз қалып тур. Булардан басқа да дүгисип атырғанлар бар. Бул ойыннан соң гүрес болатуғын болды. Қәлпе менен Абылла екеўи «хан» тикленди. Бизлер екеў ара гелле-гелесип турдық. Балалардың барлығы екиге бөлинип гүрес басланды. Абылла тәрепи басым бола берди. Ең ақырында Есимге қәлпениң өзи шықты. Есим қәлпени де астына былғап басты. Қәлпениң оған қәхәри келип жылап, Есим менен ыраслап төбелести. Қәлпе шарбаялық етип, Есимниң бетин тырнап жара қылды. Усы ўақта топа-торыстан есик ашылып, молла кирди. Мектепхананың иши суў сепкендей жым-жырт болып хәр ким жайлы-жайына отыра қалысты. Хәмменің соңында көз жасы көл болып, қәлпе түргелди.

Молланың көзи тасырайып, уясынан шығып кетти. Еңкейип оқып атырған балаларға қарап, оннан соң шыбықлардың ишинен сайлап биреўин алды. Солығын баса алмай отырған қәлпеге қарап:

—Қәне, бул не, бәдбақлар,—деди. Қәлпе егил-тегил қылап:

—Анаў Есим урды,—деп мыңғырлағаннан басқа хеш нәрсе айта алмады.

Балалардың бәринен де ойнағаны, қәлпениң өзиниң бас болғаны, Есимнен таяқ жегени хаққында айтылған сөзлер босқа кетти. Дәслеп балаларды да бир неше мәртебе урып шықты. —Хә, пәлекет урғанлар,—деп қарғап та қойды. —Сөйтип, сен, Есим екеўиңиз қаласаңлар, —деди маған. Балаларға:—барың, жуўап, —деди. Қәлпе түйретилип орнынан турып, көзиниң қыйығы менен бизлерди шолды да, тез-тез басып мақсетине жеткендей масайрап баратыр.

Молла бизлердиң сыртымыздан илип кетти. Бизлер қата бердик. Түс аўып, балалар да оқыўға қайтып келди. Түстен кейинги оқыўды питкерип кеште ғана кеттик.

## IV

Түски бос ўақтымызды ойнаў менен-ақ өткеремиз. Топ ойнаў, суўға шомылып, қалақ ойнаў күтә аз болып туратуғын еди. Буларды ойнаўға қорқатуғын едик. Молла қулағымыздың сыртынан жазып, белги салып жиберетуғын болғанлықтан, суўға шомылыў хеш мүмкин емес.

Саратанның ыссы күнлериниң бири. Шаңқай түс. Күнниң ыссылығы шыжғырып, күйдирип баратыр. Есип турған самал да жоқ.

Бул мәхәлде бизлер мектептен шығып, үйли-үйимизге тарқастық.

Жөнекей жермен деп, қалтамдағы нанымды қолыма алып, мен де үйден қайта шықтым. Үйдиң қасындағы майданлыққа келсем, қой базары беттен аспанға қарай бурқырап созылып баратырған қуйынға: «Таздың үйине,

таздың үйине» деп турған бес-алты баланы көрдим Қуйыннан өлердей қорқатуғын едик. «Жин урады, ауы мурныңызды қыйсайтып кетеди» дейтуғын еди адам лар. «Таздикине бар»,—десең куйын жоламайды. Жи урмайды десетуғын еди.

Қуйын өтип, бизиң даўысларымыз тынғанша он бе он алтыға жеттик. Шәрипбайдың «ҳәўип» деген даўысы бес-алты бала қосыла мақуллап, олар да «ҳәўип» дести Бул сууға шомылайық деген сөзи еди. Сол турысымы бенен байраққа қосқан аттай шабысып, арнаға қара жөнелдик. Дем алмастан зуўлап жуўырып киятыры шешинип те киятыр. Бираздан соң арнаға келип, әрли-берли шешинип, өзимизди сууға атыў менен болдық.

Үйрек-ғазлардың көп ўақыт сүў көрмей келип, суў тап болғанындай шадлық пенен шомылып атырмыз. Би қалақтан соң бир қалақ ойналып, өрден-ыққа жүзи сүңгисип, быған-жыған болып атыр едик, бираз ўақытла өткен соң қәлпениң «моллаға кешиктик» деп бақырға ашшы даўысын еситтик те, дәрҳал суўдан шыға бердик.

Жүрип киятырмыз, бирақ жүрисимиз де өнбейди. Гей паралардың:

—«Ақ гүбелек, көк гүбелек, қулағымның суўы төк»... деп алақанды қулаққа тақап бақырыўы ямаса гей-параларының «аяқ басты» ойнап киятырғаны жолды өн дирмей кетеди.

Туўра мешитке келдик. Алты-жети ғана бала оты екен. Молла алақлап, бизлердиң кешиккенимизге күйи-нип, тышқан аңлыған пышықтай, жалаңлап отыр екен Бирден бизлер қол қаўсырып, сәлем берип, мешитк кире бердик. Қәлпе бул мәҳәлде мешитти айналып жаз есиктен молланың арты менен келип отыра қойды Молла буны сезбеди. Молланың еси-дәрти бизлерде Көзин тесирейтип:—ҳә, бәдбақлар, деп ақырды. —Нег кешиктиңлер деп, жекиринип атыр. Көпшилигимизди

бет-әпшеримизден-ақ бир нәрсе сезгендей, ийеғимизде ылайдың жуғы болса керек. Гейде оны балалар курбақаның... деп те атайтуғын еди.

—Сууға шомылдыңлар ма?—деди молла ашыўлы даўысы менен. Артына қарап, Шәрипбайды көрип: —тур, булардың кулақларын қарап шық деп буйырды. Қәлпе бурынғы дықты умытсын ба, қолы келди. Балалардың кулағын тексерип болып: —Есим, Генжебай, Нызамлардың кулағының жазыўы жоқ,—деп көрсетти, молла жекириниўи менен:—бул бәдбақ, доңызларды паллаққа асың,—деди. Зәрремиз ушып, қуйқамыз жуўлай баслады. Есим қәддин тиклеп, моллаға қарады: —Молламыз деп ол тиклене берип еди, молла селк ете оған қарап: не дейсең, бәдбак, айт.

Есим иркилместен сөзин даўам етип:—тақсыр, сууға билмей шомылып қойғанымыз ырас, ал бизлер менен қәлпениң өзи де шомылды ғой. Оның қулағы тексериўсиз қала бере ме?—деди. Молла оған қарап жекиринип:—ол қәлпең ғой, ол тәртипсизлик етпейди, —деди. Қәлпе мешитке кирер ўақтағы бөлекленип кеткенде, өзиндеги қәлемин ығаллап, кулағының артына молланың жазғаныңдай етип үйкелепти. Молланың бул сөзин ыраслаў ушын қәлпе: —мине, тақсыр,—деп қулағын көрсетти.

Молланың ҳүкими орынланып, айыплы балалар паллаққа асылып атыр. Есим екеўимизди теңнен паллаққа асты. Қәлпе күшиниң барынша шырпылдатып урып тур. Таяққа көнип қалған аяқлар бираз ўаққа шекем шыдады. Соңын ала мөлт-мөлт көзден жаслар төгилди. Мине, солйтип, шомылыўдың соңы усылай жазықсыз көзден жас төгиўлер менен питти.

Бул азапты үйге келип айтсам, атам, оның ҳеш зәлели жоқ, о дүньяда молладан жеген таяғың алдыңнан шығады, балам, таяқ тийген жерлериң отқа күймейди, деди.

## V

Жума күни. Сәскеден ауған ўақыт. Арқадан ескен а ғантай қурғақ шамалдың өзи-ақ қаланы шаңға толтырып аспанға көтерип тур. Ушып жүрген шөп-шар, шаңғытқан қум топырақ адамның көзин аштырмайды. Ийрек-ийрек тас көшелер, үпилдирикли уп-узын қамыс қоралар, шер теклер, қуўрап турған, араларында ҳәррелердиң уялары лық толған шеңгел қоралар, қара үйлер, ылашықлар қала ишинде сонша болса да, шаңды иркип тура алмайды. Ҳәттеки, ҳәр жердеги бийик ҳәўлилердиң де шаңды иркиў қудиретинен келмейди. Қайта олардың өзлерине қосыла шаң шығады. Шаңға шаң қосады.

Бул мәҳәлде үсти-басларын шаң басқан, жүзлерине көзлери зорға ғана жыпылықлап көринген базаршылар қалаға келип атыр. Ким атлы, ешекли, арбалы пияда ҳарып шаршап шарбақларға, кими таныcларына кетип атыр.

Мен апамның дүмпиўиниң зорына ушыраўым менен бузаўға қала сыртындағы атызлардан пәшек, сууўоты әке лип салыў ушын кетип баратырман. Үйдиң қасындағы сасық ойпаўыттан өтип, саллақхананың тусына келдим. Бул қаланың орта жери еди, саллақхананың бәдбеше жеркенишли ийислери мурнымды жарады. Үйимшик үйимшик малдың дәрислери, гөне тамның кесеклери, ыз ғып жүрген симсик ийтлер көринеди. Жаңа ғана бирли ярым мал сойылып атыр екен.

Мен тез барып келиўге тырыстым. Бир жағы қаланың ишине кирип турған Бақайбек әўлийениң ортасындағы қәлендерхананың тусына келсем, қәлендер дийўаналар дың гейпарасы беллерине дорбасын асып, уп-узын ҳаса ларын қолларына алып, ҳақлаў ушын базарға шығайын деп шаққанласып атыр екен. Ал, гейпаралары айдарлары үрпейип, моланың қапталына жағылған ошақтың отын ысырып, биреўлери шып-шып терге шомылып ша

ишип, биреўлери шыйық-шыйық көкнар езип отыр еди. Булардың көриниси бизлердиң бирдейги айтысатуғын жин-жыпырымыздан бир де айнымайтуғын еди.

Мен булардан да өтип, атызлықларға келип, жән-жағымды барластырдым да, салма бойындағы суўотыны ора басладым; тез қайтыўға асығып орып атырман. Неге десеңиз, мәйек базары ерте қызып, тез таралатуғын еди, оннан қала берсе, саллақханадағы ийт таластырыў мәҳәли де түске шекем ғана болады.

Мен жаңа бир үлкен баўдай етип арқама салған ўақытта жердиң ийеси бақырды. Мен арқалап қашып отырдым. Ол қуўды. Туттырмай қаланың ишине сиңип кеттим, үйге әкелип, баспағымызға азғанасын салдым, енди үй жумысынан азатпан.

Дурысында, бул жума күнги мектеп балаларының ислейтуғын исиниң белли бәнти жоқ. Бизлерге бул күнди «дем алсын» деп беретуғын шығар-аў. Бирақ, бизлер бул күни аўыр хызмет етип, тас қопарсақ та «дем алдық» деп есаплайтуғын едик. Бул күни балалардың көби күтә аўыр хызметлерде болады. Биреўлер балық қуўырғанның отын жағады, биреўлери нанбайхананың нанын тасыйды, биреўлери дүкәншы баққал, бәззазлардың усақ-түсек хызметин етеди. Ал, Есим болса ағасы менен жумадан бурынғы күни кеште көлден ешекли пишен орып әкелиў ушын кетеди. Қыс болса, отынға барады.

Бирақ, не деген менен де, жума күни балалар ойынға да ўақтын бөлип туратуғын еди.

Мен қурық басып жатқан таўықты үркитип, астынан шөже шығарайын деп турған еки мәйегин алдым да, базарға кеттим. Мәйек базары жаңа қызған екен. Аўылдың таныс балалары да бар. Көби аўылдан келген балалар, «ким ныш, ким пәйрек урыстырады» деген даўыслар. Шырт-шырт тиске урысып, шырт етип сынып, ким утып, ким уттырып атырғанлар. Мениң мәйегим урыстырыўға

V

Жума күни. Сәскеден аўған ўақыт. Арқадан ескен а ғантай қурғақ шамалдың өзи-ақ қаланы шаңға толтыры аспанға көтерип тур. Ушып жүрген шөп-шар, шаңғытқ қум топырақ адамның көзин аштырмайды. Ийрек-ийр тас көшелер, үпилдирикли уп-узын қамыс қоралар, ше теклер, қуўрап турған, араларында хәррелердиң уялар лық толған шеңгел қоралар, қара үйлер, ылашықлар қа ишинде сонша болса да, шаңды иркип тура алмайд Ҳәттеки, ҳәр жердеги бийик ҳәўлилердиң де шаңд иркиў қүдиретинен келмейди. Қайта олардың өзлерин қосыла шаң шығады. Шаңға шаң қосады.

Бул мәҳәлде үсти-басларын шаң басқан, жүзлерин көзлери зорға ғана жыпылықлап көринген базаршыла қалаға келип атыр. Ким атлы, ешекли, арбалы пия ҳарып шаршап шарбақларға, кими танысларына кети атыр.

Мен апамның дүмпиўиниң зорына ушыраўым мен бузаўға қала сыртындағы атызлардан пәшек, сууоты әк лип салыў ушын кетип баратырман. Үйдиң қасындағ сасық ойпаўыттан өтип, саллақхананың тусына келди Бул қаланың орта жери еди, саллақхананың бәдбеш жеркенишли ийислери мурнымды жарады. Үйимши үйимшик малдың дәрислери, гөне тамның кесеклери, ы ғып жүрген симсик ийтлер көринеди. Жаңа ғана бирли ярым мал сойылып атыр екен.

Мен тез барып келиўге тырыстым. Бир жағы қаланы ишине кирип турған Бақайбек әўлийениң ортасындағ қәлендерхананың тусына келсем, қәлендер дийўанала дың гейпарасы беллерине дорбасын асып, уп-узын ҳас ларын қолларына алып, ҳақлаў ушын базарға шығайы деп шаққанласып атыр екен. Ал, гейпаралары айдарлар үрпейип, моланың қапталына жағылған ошақтың оты ысырып, биреўлери шып-шып терге шомылып ша

ишип, биреўлери шыйық-шыйық көкнар езип отыр еди. Булардың көриниси бизлердиң бирдейги айтысатуғын жин-жыпырымыздан бир де айнымайтуғын еди.

Мен булардан да өтип, атызлықларға келип, жән-жағымды барластырдым да, салма бойындағы суўотыны ора басладым; тез қайтыўға асығып орып атырман. Неге десеңиз, мәйек базары ерте қызып, тез таралатуғын еди, оннан қала берсе, саллақханадағы ийт таластырыў мәҳәли де түске шекем ғана болады.

Мен жаңа бир үлкен баўдай етип арқама салған ўақытта жердиң ийеси бақырды. Мен арқалап қашып отырдым. Ол қуўды. Туттырмай қаланың ишине сиңип кеттим, үйге әкелип, баспағымызға азғанасын салдым, енди үй жумысынан азатпан.

Дурысында, бул жума күнги мектеп балаларының ислейтуғын исиниң белли бәнти жоқ. Бизлерге бул күнди «дем алсын» деп беретуғын шығар-аў. Бирақ, бизлер бул күни аўыр хызмет етип, тас қопарсақ та «дем алдық» деп есаплайтуғын едик. Бул күни балалардың көби күтә аўыр хызметлерде болады. Биреўлер балық қуўырғанның отын жағады, биреўлери нанбайхананың нанын тасыйды, биреўлери дүкәншы баққал, бәззазлардың усақ-түсек хызметин етеди. Ал, Есим болса ағасы менен жумадан бурынғы күни кеште көлден ешекли пишен орып әкелиў ушын кетеди. Қыс болса, отынға барады.

Бирақ, не деген менен де, жума күни балалар ойынға да ўақтын бөлип туратуғын еди.

Мен қурық басып жатқан таўықты үркитип, астынан шөже шығарайын деп турған еки мәйегин алдым да, базарға кеттим. Мәйек базары жаңа қызған екен. Аўылдың таныс балалары да бар. Көби аўылдан келген балалар, «ким ныш, ким пәйрек урыстырады» деген даўыслар. Шырт-шырт тиске урысып, шырт етип сынып, ким утып, ким уттырып атырғанлар. Мениң мәйегим урыстырыўға

келгенде, ҳеш ким урыстырмайды. Күнге қаратып, ишиндеги шөжесин көрип, қолыма қайтып береди.

Күтә ызам келди. Мениң қылған ҳийлемди балалардың бәри билди. Ақыр болмаған соң, үйге қайттым. Алған мәйеклеримди таўықтың астына салып қойдым. Маған биреў бастырылған мәйек қатты болады ямаса мәйекке қорғасын қуй, сонда ҳәр базарына еки жүз, үш жүз мәйек утасаң, — деген еди. Қорғасын таптыртып атыр ма? Балалар сақаға қуйыў ушын шигиттей қорғасынды еки-үш пулға сатып алады. Ол мәйекке жуғым да болмайды.

Саллақхана бетке барсам, онда да қала балалары ким қаншық жетеклеп, ким көпек жетеклеп жүр. Гейпаралары саллақлардың таслаған ашшы ишеклерин ҳәм басқа тасландыларын ийтке бериў ушын жыйнап жүр. Бизиң аўылдың балаларынан да жети-сегиз бала бар екен. Мен оларға барып қосылдым. Бир ўақытта «Кәсип аўылдың» балаларының бир ийти менен ийт таластыратуғын болдық. Еки ийттиң көзин бастырып әкелип, айқастырып жиберди. Ийтлер қушақласып алысып кетти. Бизлер алысып атырған ийтлердиң гә ол жағына, гә бу жағына шығамыз. Ийтке қосылып, алысып кеткимиз де келеди. Кәсип жақтың ийти жеңиле баслады. Олар бизиң ийттиң қуйрығынан тартты, кесек пенен урды. Бизлер де қарап турғанымыз жоқ, кесек алып, олардың өзлерин ура басладық. Кесек атыспа болып кетти.

Бизлерди жолдан өткен үш-төрт жолаўшылар қарыў етип, тум-тусқа қуўмағанда, көп ўаққа шекем урыса беретуғын едик.

Мен үйге келип қарасам, мениң де бир-еки жерим исипти. Күтә бир әҳмийетли ис питирип келген кисидей, апамнан жасырынып келип, қораның ишинде жатып, азырақ дем алдым.

Бираздан соң тағы көшеге шықтым. Кеш жақынлапты. Базаршылар қайтып атыр, ғәлле базар беттеги



майданшылықта көп балалар жыйналып тур екен. Жуўырыў менен барсам, қораз урыстырып атырғанын көрдим. Қанлары жерге тамшылап жүр. Ҳәллери кеткен. Биреўи тас кекил, екиншиси кекилли қара-ала қораз екен. Бир ўақлары қара-ала қораз тас кекил қоразды қуўды. Енди жеңди-аў деп турсам, жоқ, ол қораз ҳийле қылып жүр екен, қайтып урысты. Және бираз ўақыт урысып, тас кекилли қораз қара-ала қоразды қуўды. Бир ўақлары қашып баратырып «ғыйық» деди. Әне, соннан баслап, жеңген есапланды. Тас кекил қораз урысып үйренип, заққы болып қалған.

Жыйналған көпшилик тарқайжақ еди, еки үлкен жигит еки кишкене баланы услап, бала урыстырамыз деп бақырған соң, тағы жыйналыса баслады. Усланған балалар жылап, тарбаяқ атса да жибермеди. Еки баланы шалқасына жатқарып, ҳәр баланы еки жигит қол-аяғынан услап, қушақлап әкелип қуйрықларынан дүгистирди. Жыйналған көпшилик күлисип тур. Бирақ, күлиспениң ишинде мына еки баланың ышқырып жылағанын ҳеш ким еситпейди. Үш-төрт дүгистирген соң балаларды босатты.

Биреўлер екинши нәўбетке мени де қолайластырып еди, мен жеткермей қашып кеттим.

Сол кетисимнен үйге барғанда геўгим жабылып, ымырт түсип еди.

Сөйтип, дем алып, жума күнниң өткени ғой деп есапладым.

## VI

Қурбан ҳайтының «ҳайтлығы» берилип атыр. Балалар теңгелерин алып келип, молладан бир жапырақ әйтеўир ғана гүңгирт нағыс ойылған, ақ жағына қара сыя менен жазылған қағазды молладан алып атыр. Шәрипбай: — мине, тақсыр, — деп мүләйимсиреген түри менен моллаға еки хан теңгени усынды. Молла теңгени дәрриў көрип:

—Бәрекелле, бәрекелле,—деп қағаздың ишинде үлкенирек ҳәм нағыслырақ биреўин алып берди. Оннан Абылла да қалысқан жоқ. Алып келген теңгесин моллаға усынды. Молла оған да сондай жуўап қайтарды. Мен де ҳайтлыққа деп әкелген алты пулымды бердим, молла басын бир шайқады да, жүзиме бир қарап қойып, ҳайтлық қағазын алып берди. Усылай етип, пулы барлар берип, ҳайтлықларын алды. Есим, моллаға ағасынан алған үш пулын усына бергенде, молла оған қарап:

—Тур, жоғал, үш пулға да ҳайтлық беремекен, —деп жекиринди.

Бир неше балалар «ҳайтлық» пулымыз жоқ, тақсыр десип отыр еди, молла оларға:—Турың, әкелиңлер, болмаса, ҳайтлықсыз қаласызлар,—деген соң, балалар илажсыздан шығып кетисти.

Мен де ҳайтлық аларымды алсам да, берген алты пулға ишим ашып отырды. Алты пулға бир шөже қораз алыўға болады деп ойладым. Бирақ, енди пайдасы жоқ, алып қойдым, алмасаң да болмайды-аў. Балалардың бажың-быжыңы былай турсын, молланың өзи қосылып масқара етеди. Жаман көреди, жөнсиз урады. Сонлықтан бул жағын да ойладым. Бир ўақлары молла тикленип:

—Барың, ҳайт өткенше жуўап,—деди. Ол тағы:—ал, ҳайтлық алмағанлар пулын әкелип, алып кете берсин, — деп ҳайтлық жазыўын даўам ете берди.

Қуўанышым менен үйге келсем, атам менен апам қапаланған түринде отыр. Бир ўақлары апам:

—Қурбанлык деп жалғыз сыйырдан айрылар жағдайымыз жоқ. Оннан да аяқласпа изле. Пулын еплестирип таўып берермиз, — деди.

Атам зорға дегенде көнди, ол аяқласпа излеўге кетти. Бирақ, көп узамай, тағы қайтып келди. Аўылдың жети үйи биригип, бизиң сыйырды соятуғын болыпты. Атам оған илажсыздан ыразылық берипти.

Апама қосылып мен де жыладым. Бирақ, оның менен әри боска кетти. Апам да қарсылық билдирген болып ди, ол да ҳеш пәтиўаға аспады.

Ҳайт күни азанда сыйыр сойылды. Оны сойғанда да ен мудам қапаланып жылаў менен турдым. Апам болса, йден шықпады. Ағам бир неше мәртебе үйге қуўып киберседе мен шығып өкирип жылай бердим.

Мен ол сыйырды күтә жақсы көретуғын едим. Бул ыйыр мен есимди билгели үйде сыйыр болып, мени үти менен асырап келатқан еди. Оның мүләйим жақ-ылығы, ақыллығы, сүтлилиги сондай — мақтаўға тур-андай еди. Оның жалғыз-ақ айыбы қуйрығы шолақ еди. Мен оның өзи түўе, ҳәттеки, жыл сайынғы туўған бузаў-ларын сатқанының өзинде де жылап қалатуғын едим.

Мине, енди ол гөш болды. Оның гөшин жеўге келе-туғын қуўарған, сықылсыз тирийекши өзимиздиң молла, уўылдағы Досым суўпы усағанлар көз алдыма елеследи. Оларды мен бәледей көрдим.

Ҳайт тарқады. Ертеңине азан менен мен мешитке бар-дым, ҳеш бир бала келмепти. Молла да жоқ. Мен ишки есиктен кирип дәлизге өттим. Сасық ийис мурнымды жарып баратыр. Оқыўхананың қарсы алдындағы өжиреге қарасам, баўырсақ, созбан қырмандай болып үйилип тур. Ийис күни писирилгенлердиң бәри усықараға әкелинген бе, — деп ойладым. Есикти ашып қойып, дәлиздиң қараң-ғы төр бетине қарасам, қой, ешкиниң, малдың терилери үйилип тур. Сасып турған солар екен.

Жүрегим ҳәўлирип ура баслады. Бул неси? Ямаса урылардың апарыўға жер таба алмай әкелип қойғаны ма? — деп те ойландым.

Барластырыңқырап қарасам, терилердиң ишинде үш күнликтеги қурбанлыққа сойылған шолақ сыйырымның териси де бар. Көзиме оттай басылды. Көзимди жасаўра-тып, терини қушақлап алдым.

Урылардың биреўи турған жоқ па деп, тум-тусымды өжирелерди, мектепхананы барластырдым. Терилердин астына жасырынып жатыр ма деп те ойладым, ҳеш ким сезилмеди.

Дәрҳал молланың үйине қарай жуўырдым, ҳалықлар молланың үйине қарай жуўырып барсам, молла терлеп шай ишип отыр екен, үрейи ушып қорқып кетти.

—Тақсыр, урылар мешитке коп терилер, баўырсақлар үйип қойыпты, — дедим. Молла дәслеп «урылар» дегенге түсин бузып, үрейин ушырса да, соңын ала шақақлап күлди. Мен тағы да сөзимди даўам етип:

—Терилердиң ишинде бизиң шолақ сыйырдың да териси бар, —дедим. Ол бираздан соң күлкисин басып —ол терилердиң бәри молланики ғой, бәдбақ. Ана күнги қурбанлыққа сойылған терилердиң бәри моллаға тийисли екенин елеге шекем билмейсең бе? —Тур, мешитке бар —деп жекиринди. Мен сүйретилип үйден шықтым.

Сонша тери, сонша баўырсақ, деғенге жаңа түсиндим. Урламай-ақ көрсетип алған уры екен ғой, деп жуўмаққа келдим. Мектепханаға келсем, бес-алты бала келген екен.

Есим де келипти. Мен оған болған аўҳалды айтып оларға: —қарап турсам, моллаға түсиримниң өзи ҳәк көп екен. Оны есаплап та болмайды. Аты көп алымлар зәкәт, үсир, кеўсен, садақа, жумалық, —дей бергенимде биреў, түрли «сүреге» түскендеги пайғазыны не қыласаң —деди. Екенши биреў: «тәбетте табақ, ызазада ылақ, қуранда қой» апарыўды қәйтесең, —деди. Үшинши бириў —ҳайтлық пулы, отын ҳәм шыпта пулы, ҳәттеки, той болса да, оны сыйлаў керек ғой, —деди. Есим гижине берип, —тойдағы тойғанына қанаатланбай, барлық терилерди алғанында қәйтесең, —деди, ол тағы сөзин даўам етип.

Есаплап қарасаң, ҳәр бир халайық өмиринше тапқанының көпшилигин моллаға өткерип отырыў керек



екен, —деди. Оның жүзлери жарқырап, көзлери оттай жанды. Мен: —аўа, солай екен, —дедим.

Молла да келип, күндеги сабақ басланды.

## VII

Бир күни асық ойыннан соң, «Сүўенлиниң» уяң, елимсиреп ағып турған ағысына қарап тур едик. Сөзден сөз шығып, оқыўдың қыйынлығы, жалықтыратуғынлығы, молланың еткен айыплары ҳаққында сөз келип тур еди. Шәрипбай ҳәкиреңлеп:

—Оқыў деген ийне менен қудық қазғандай қыйын болады, және ҳәр ким биле бермейди, —деп мардымсынды.

Мениң қапталымда турған Есим жудырығын түйиип, Шәрипбайға қарап:

—Сен өзиң қыйынлықтың не екенин билмейсең. Кийемен, жеймен десең, саған таяр. Молланың кеўлин табасаң. Басқаларға қыйын десе болар. Дурыс емес пе ?—деп, көпшиликке қарады. Оның көзиниң нуры жарқырап, жақтылық сәуле шашып турғандай болды. Бизлер бәримиз де: —әлбетте, дурыс, —деп жуўап қайтардық.

Есимниң күнге күйреген, жаслай мийнетке шыныққан күшли денеси, шымыр билеклери, келистирип сөйлеген сөзлери бизлерге тәуир есенген кисиниң айтқанындай сезилди. Бизлер оны мудам өзлеримиз бенен алып жүриўге тырысатуғын едик. Узағырақта ойынға барсақ, Есимсиз бармайтуғын едик.

Шәрипбай ҳеш нәрсе айта алмады. Бирақ, қатты ашыўы келди. Бозарып турды да қойды. Мен де жайыма қарап тура алмадым. Оған қарап: Жақсы, сен көп билесең бе? —дедим. Ол: —Әйтеўир, сеннен көп билемен, оқыған әптийек[1], куран[2], суўпыаллияр[3], шаркитап[4], —бәрин билемен, —деди.

[1—4] Дин оқыўының сабақлық китаплары.

— Нау̌айыны-ше? — деди шеттеги турған Генжеба
Оған Шырипбай жекиринип: — оны оқытты ма? — дед
— «Нау̌айыны оқысаң, ҳау̌айы боласаң», — деди ғо
молламыз. Генжебай жигерленип:

— Адамлар Нау̌айыны жақсы көреди ғой. Оны қысс
ханлар қандай жақсы оқыйды. Халықлар дегениң кү
сүйсинип тыңлайды. Олардың ҳау̌айы болғаны қайда.

Шәрипбай қызарып бөртти. Қолын қалтасына салы
не дерин билмеди. Мен бағанағы сөзимди дау̌ам етки
келди де:

— Қәне, сен билгиш болсаң әптийекте адым сайы
дусласатуғын «бисмилланың-ақ» мәнисин түсиндир, -
дедим.

Балалар мениң сау̌ал бергенимди мақуллағанда
болды.

Шәрипбай көзиниң қыйығы менен бир қарады д
төмен қарап тура берди. Мен жақынлаңқырай берип: -
не деген сөз дей бергенимде, — мине, мәнис саған, — де
шекеме алдырып жиберди. Мен де қарап тура алмады
көздеги жасым менен жармаса кеттим.

Балалар да мен тәрепте. Шәрипбайды басып уры
атырғанымызды молла көрип, бизлерди услады. Мени қ
лағымнан тутып, мешитке алып барды. Молла тисленип

— Ҳә, бәдбақ, неге төбелестиң... — деди. Есикте
сөйткенше болмай-ақ, Шәрипбай кирди. Ол жыламсы
рап: — тақсыр, меннен қуран сөзлериниң мәнисин с
рады, — деди. Мөлла қутырған ийттей тисин ақшый
тып: — пәлектен урған, саған «мәнис» керек пе... — де
жулқынып, шекеме салып жибергенде шаппаттың пәт
менен жерге жығылдым. Көзден жас парлап ақты.

Шәрипбайдың көз жасларын молла белбеу̌иниң уш
менен сүртип:

— Бар, балам, кете бер, бул ақмақ ертең азанға ш
кем жатады, — деп қолын силтеп көрсетти. Шәрипба

мардыйып шығып кетти. Мени тепкилеп орнымнан тур-ғызды да, мектепхананың ишине салып, қулып урды.

Егер геўгим жабылып баратқанда, ағам келип тилеп алмаса, ертеңге шекем қамаўда жатып шығар едим.

Әнекей, күнде еситип жүрген сөздиң мәнисин сорай-ман деп, сонша азапқа қалдым. Ҳақыйқатында, мектеп балаларының бәри де ҳеш бир сөздиң мәнисин де бил-мейди, еки ҳәриптиң басын қосып оқый алмайтуғын да еди. Сораўға молладан қорқатуғын еди.

## VIII

Не себеп екенин билмеймен, әйтеўир, бизиң бурынғы молла алмасып, оның орнына бөтен молла тайынланды.

Бизлерди бул өзгерис бир қанша қуўандырды. Бу-рынғы моллаға қарағанда бул жайлырақ болды. Бул бурынғы молладай күйгелекленип, онша урыса бер-мейтуғын болып шықты. Урса да, бир-еки урып, тек «бәдбақ», «заңғар» деў менен ғана шекленеди. Және тағы бул молла, бурынғы молладай қолынан тәсписин түсир-мей ойылып оқый да бермейди.

Дурысында бул molланың бизлерге «жайлы» болып жүрген себеби, оның кокнар ишиўи еди. Бул көкнарды азанда бир, кеште бир ишеди ҳәм де шайын мешитте қайнаттыратуғын еди. Мудам шай қайнатыў ушын бир еки баланың жүргени.

Ол азандағы езген көкнарын сәскеге шекем езип, үлкен үш шайнек ашшы етип демлетип, үстин дастурхан менен бастырып қоятуғын еди. Көкнар езип ишетуғын оның мыстан тостағаны бар. Ҳәр ишкенде оны толтырып ишеди. Соннан түске шекем көзин жумып шып-шып терге түсип, шай ишиў менен-ақ отырады. Ҳәр ўақта кеседен шайын уртлай сала, аўзындағы набатын сорып, көзиниң жумылыўы менен бизлерге бетин бурып:

—Ҳәй,—деп тағы кеседеги шайын ише беретуғын еди. Бизлерге бул, оқыңлар,—дегени еди. Сол отырысымызды бузбай оқыған болып ғаўырласып және жөнимизге отыра беремиз. Молламызға сабақ үйрет ямаса сабақ тыңлаң деп жекке-сийрек ғана баратуғын едик.

Былайынша айтқанда, бизлер оның ҳәзин бузбаўға тырысатуғын едик.

Бизлер даўысымызды шығармай, ойнап-күлип отыра беремиз. Ҳәттеки, далаға шығып келиў ушын оннан жуўап сорамай-ақ, қәлпеден жуўап сорап шығып кете туғын едик.

Молла гейде түсте бизлер кетип қалғанда да шай ишиўин даўам етип қалатуғын еди. Егер шайын ертерек ишип бола ғойса, дала-палаға шығып, терин сүртип, бийтин қараўға кирисетуғын еди. Арқасы қышыңқырай берсе, балалардың биреўин шақырып қасытатуғын еди.

Молланың бул қылығы бизлерге күтә жеркенишли көринетуғын еди. Қасымдағы жолдасым:—Әй, исин ериккен екен «молланың қылығын қылма, айтқанын қыл» дегендей, мыңғырлайды, бул мениң қулағыма кирип те шықпайды.

Арадан бир жылдан көбирек ўақыт етти. Бизиң молла «ҳажыға» барадымыс деген хабар таралды. Бул хабар бара-бара пүткил мешит қәўимге ҳәм соның ала қалаға тарала баслады.

Қаланың бас көтерген уламалары, байлары буған жақсы баҳалар беристи: —Жақсы адам, ийманлы адам, —деди.

Бирақ, көпшилик халық бул аўҳалға ҳайран қалғанлығы менен қарасты. Неге десеңиз, мусылманшылықтың шәртине «ҳәр бир мусылман құдирети жетсе, ҳажыға барыў керек» деген болса да усы ўаққа шекем бул шәртти ҳадал нийет пенен орынлаўға урынған адам гезлесе коймайтуғын еди. Бул күтә жекке-сийрек гезлесетуғын аўҳал.

Егер күдиретликке қарасаң, қаланың бас байлары [...]арар еди-аў. Бунын бир қашырымы бар ғой, деген ойға [...]елдим.

Не деген менен де қаланың бас көтерген адамлары, [...]ламалары «ҳажыға» баратуғынларды қуўатлай баслады. [...]ас болып байлар өзлериниң жәрдемин әкелип берди. [...]улардан соң әпиўайы қара пуқаралардан да жәрдем түсе [...]аслады. Кими сүтли шөрек жаптырып әкелип берип [...]тыр, шөреклер күнге кептирилип те атыр. Молланың [...]лды күнде толы адам. Журт «садақа» деп барын берип [...]тырыпты. Мешиттиң қорасының ишинде қой, жанлық [...]а, таналар да келип байланатуғын болды. Намаз жума [...]үнлери мешит толы адамлардың ортасына молла ша-[...]анын жайып таслайды. Жайылған шапанның үстине [...]еңге жамғырдай қуяды. Сөйтип, бираз теңгени жыйнап [...]латуғын еди.

Сөйтип, молла еки айдай таярлық көрди.

Бир күнлери молланың ҳажыға кетип қалғанын есит-[...]ик.

Ол кеткен соң тағы бир молла оқыта берди. Көп ўаққа [...]шекем «ҳажыға» кетиўшилерден хабар-атар болмады. [...]иреўлер: «олар ҳажыға барды», биреўлер: «бармады» [...]тағы биреўлер: «еле жете алмай жүр»,—деген тымсал [...]әплерди айтысты.

Бирақ, арадан алты-жети ай өткен соң топа-торыстан [...]«ҳажыға барыўшылар келипти» деген хабар еситилди.

Көп узамай-ақ, бизлер бастырмалы қараңғы көшениң [...]стынан бизиң молланың ҳәм оның жолдасының еки [...]уллы дүкән ашып, саўда қылып отырғанын көрдик. [...]изиң молланың үстинде жипек шапан, басында силикпе [...]шөгирме, сақаллары тикирейип, муртлары шыйырыла [...]баслапты.

* * *

Арадан бир неше күн өткен соң ағам: — балам, с
оқығанды қоя ғой, — деди.

Мен инанар-инанбасымды да билмедим. Бет-әпш
риме шырай енип, қуўанып кеттим. Ол әсте-ақырынлы
пенен сөзин даўам етип: — быйыл саррас жети жы
оқыпсаң, әптийекти зорға жарыладың, ҳәзир 13 жасы
келдиң, — деп мениң басымнан сыйпай берди. — Жаба
ға дайыларың бетке бар, түйек айдарсаң, масақ терерсе
әйтеўир, қыс азыққа қосымша бир нәрсе таўып келерсе
— деди төмен қарап.

Оның кеўлинде азлап қапалығын сезсем де, моллада
қутылғаныма жүрегим алып ушып қуўанып отырман.

Атама қуўанышым менен жуўап қайтардым.

Мектептеги жоралағыма да бул хабарды әлле қанд
ўақты-хошлық пенен билдирдим. Мен олардың алдын
қәпестен шығып, ушыўға мейил алған торғайдай бол
сезилдим.

*1939-жыл. Қәллике*

## МЕНИҢ ЖОЛБАРЫСЛАР МЕНЕН ЖОЛЫҒЫСЫЎЛАРЫМ

### СӨЗ БАСЫ

Аңшылық дүньядағы ең қызық талаплардың бири. уны жақсы көриўим, қумартыўым сонша — аңшыықтың қумары нағыз тутқанда аш болғанымды умыып кетемен. Егер биреў: пәлен жерде қырғаўыл, қоян өп екен, жалғызақ шошқалар, сүриў-сүриў кийиклер ар екен, үйрек, ғазлар сондай көп екен десе, болғаны, ол жерге жеткенимше тақатым шыдамайды. Егер сол керге барыў ушын арада дәрья болса секирип, бийик таў олса атлап, теңиз болса жүзип өтким келеди. Көз жетпес зақ болса қанат байлап ушқым келеди. Буны лап деп үсинбеңлер, шын кеўлим ҳәм ырасым.

Бул аңшылықтың қумарынан, өлим деген менен де алай сапар көрисип қайттым. Не бир жабайы жыртқыш айўанлардың тырнағында, арсылдаған аўзында өзим енен өзим тирилигимде хошласқан ўақытларым болды.

Мен сонда қорқақлықтың зыян екенин анық сездим. орқпасаң сабырлы, мәрт болыўда, ҳеш нәрседен қорқаўды, қарсыласқан жаўыңды жеңип шығыўды ойлайды кенсең. Сонлықтан да, ата-баба:

«Талап етсең талпынып,
Ҳәр нәрсеге жетесең,